



Pou Piblikasyon Imedya: 21/01/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PRIM KI PLIS PASE 3.7 MILYON DOLA POU SIPÒTE PREVANSYON ADIKSYON ATRAVÈ ETA NEW YORK

Finansman pral sipòte founisè prevansyon ki afekte pa pandemi COVID-19 la epi pèmèt yo elaji pratik ki baze sou prèv yo

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse prim ki plis 3.7 milyon dola pou elaji sèvis prevansyon adiksyon ki baze sou prèv nan tout Eta New York. Yo te akode finansman bay founisè yo nan chak nan dis rejyon devlopman ekonomik Eta New York epi yo pral sipòte founisè prevansyon yo ki te sibi yon enpak negatif sou sèvis pa yo akòz pandemi COVID-19 la. Se Biwo Eta New York pou Sèvis ak Sipò pou Adiksyon an (Office of Addiction Services and Supports, OASAS) k ap administre finansman sa a.

"Menm jan ak anpil Nouyòkè, fanmi mwen te afekte pa adiksyon", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Elaji sèvis sipò pou moun ki fè fas ak adiksyon vin yon bagay ki enpòtan ke jamè pandan n ap goumen ak kriz opyoyid la. N ap kontinye travay ak patnè lokal yo pou ranfòse mezi prevantif ak tretman pou ede mete Nouyòkè yo sou chemen rekiperasyon an".

Komisè OASAS, Chinazo Cunningham, te deklare, "Prevansyon se yon poto enpòtan nan kontinyasyon swen OASAS la, epi pandan pandemi COVID-19 la founisè prevansyon nou yo te fè fas ak defi san parèy nan bay pa sèvis yo. Founisè ki resewa finansman atravè inisyativ sa a gen opòtinite pou yo ogmante anpil enfrastrikti prevansyon yo, epi fè chanjman yo bezwen pou kontinye bay sèvis ki kapab sove lavi sa yo nan kominote y ap sèvi yo."

Pandan tout pandemi an, anpil founisè te oblije travèse soti nan sèvis an pèsòn pou itilize sèvis adistans ak sèvis vityèl, sa ki te prezante defi pou kontinye rive atenn moun yo ak kominote ki nan bezwen yo. Founisè yo ka itilize prim sa yo swa kòm finansman demaraj pou kreye nouvo sèvis, oswa pou sipòte livrezon kontinyèl sèvis ki deja egziste yo ak mete pwogram yo ajou. Yo ka itilize li tou pou amelyore sistèm IT ak platfòm videokonferans yo.

Senatè Peter Harckham te deklare, "Lè w bay plis finansman eta ki destine a pwogram prevansyon yo pou rezidan ki gen Twoub Itilizasyon Sibstans yo, li pral sove lavi yo. Plis resous nan batay kont epidemi dòz ekseksif la pral pèmèt founisè yo ak defansè yo kontinye travay sou diminye aksè fasil ak sibstans yo ak ekipe kominote yo

atravè edikasyon ak pèsepsyon risk sou itilizasyon sibstans. Yon fwa ankò, mwen felisite Gouvènè Hochul pou travay enfatigab li nan pwoteje rezidan nou yo ak asire ke yo byen finanse inisyativ sante piblik enpòtan tankou sa a."

Manm Asanble Phil Steck te deklare, "Entwodiksyon telesante ak videyo-konferans pèmèt moun ki nan tretman itilizasyon sibstans pandan COVID-19 toujou resevwa sèvis pou pasyan ekstèn pou alafwa itilizasyon sibstans ak maladi sante mantal, epitou pou bay sèvis prevansyon. Sepandan, nou tout konnen klè ke alafwa òganizasyon prive ak piblik yo ki nan domèn sa a pa vrèman jwenn ase finansman. Finansman sa a pral pèmèt benefisyè sa yo elaji sèvis yo odela moun sa yo sèlman sou plas yo. Mwen trè kontan ke prim sa a te ale espesyalman nan sèvis prevansyon adiksyon "ki baze sou prèv", epi pou m wè anpil òganizasyon nan Rejyon Kapital la resevwa fon sa yo."

Ou ka jwenn enfòmasyon sou kalite pwogram ki baze sou prèv ke OASAS apwouve [isit la](#).

Men lis moun ki resevwa prim yo anba a pa rejyon. Tout founisè ki elijib yo ki te aplike te resevwa finansman.

Capital District

Addictions Care Center of Albany Inc.: 54,173 dola
Sant pou Pwomosyon Sante Konpòtmantal ak Rechèch Aplike University at Albany: 70,000 dola
Department of Mental Health nan Konte Rensselaer: 61,000 dola
Franklin Community Center, Inc.: 8,990 dola
The Alcohol and Substance Abuse Prevention Council nan Konte Saratoga a: 70,000 dola
Council for Prevention, Inc.: 19,960 dola

NY Santral

Family Counseling Services of Cortland County, Inc.: 49,000 dola
The Madison County Council on Alcoholism and Substance Abuse, Inc.: 70,000 dola
Contact Community Services, Inc.: 10,000 dola
Rezo Prevansyon Onondaga Council on Alcoholism/Addictions, Inc. d/b/a: 51,197 dola
Farnham, Inc. d/b/a Farnham Family Services: 69,968 dola

Finger Lakes

Genesee Council on Alcoholism and Substance Abuse, Inc.: 39,417 dola
Catholic Charities of the Diocese of Rochester d/b/a Catholic Family Center: 8,700 dola
De Paul Community Services (NCADD-RA): 70,000 dola
Delphi Drug and Alcohol Council, Inc. d/b/a Delphi Rise: 9,722 dola
Ibero-American Action League, Inc.: 70,000 dola
The Center for Youth Services, Inc.: 48,575 dola

The Community Place of Greater Rochester, Inc (Prevention Services): 13,804 dola
Seneca County Community Services Board: 55,679 dola
Wyoming County Dept. of Mental Health: 33,751 dola

Long Island

COPAY, INC.: 15,000 dola
Family and Children's Association (FCA): 70,000 dola
Long Beach Coalition to Prevent Underage Drinking, Inc. d/b/a Long Beach AWARE: 50,336 dola
National Society for Hebrew Day Schools: 38,000 dola
Substance Abuse Free Environment (SAFE Inc.): 25,000 dola
Youth Environmental Services, Inc. d/b/a YES Community Counseling Center: 30,762 dola
Eastern Suffolk BOCES: 69,249 dola
Hope For Youth, Inc.: 46,428 dola
Human Understanding & Growth Seminars (HUGS Inc): 63,852 dola
Huntington Youth Bureau Youth Development Research Institute, Inc. (HYBYDRI): 70,000 dola
PSCH Inc. d/b/a WellLifeNetwork: 10,752 dola
Riverhead Community Awareness Program: 36,603 dola
Town of Smithtown-Horizons Counseling & Education Center: 13,480 dola
West Islip Youth Enrichment Services, Inc.: 70,000 dola

Mid-Hudson

Council on Addiction Prevention and Education of Dutchess County, Inc.: 29,965 dola
Catholic Charities of Orange, Sullivan & Ulster: 34,285 dola
Warwick Community Bandwagon, Inc.: 43,874 dola
The Prevention Council of Putnam: 63,000 dola
Community Awareness Network For A Drug-Free Life And Environment, Inc. (CANDLE): 33,700 dola
Rockland Council on Alcoholism & Other Drug Dependence (RCADD): 58,720 dola
Village of Haverstraw Drug Abuse Prevention Council: 45,000 dola
Family Services, Inc.: 9,833 dola
City of White Plains Youth Bureau: 34,907 dola
Harrison Youth Council, Inc.: 40,000 dola
Student Assistance Services Corporation: 63,398 dola

Mohawk Valley

Catholic Charities of Herkimer County: 44,094 dola
HFM Prevention Council 40,972 dola
Center for Family Life and Recovery, Inc.: 70,000 dola
Catholic Charities of Fulton and Montgomery Counties: 37,500 dola

Leatherstocking Education on Alcoholism/Addictions Foundation, Inc. (LEAF, Inc.): 70,000 dola

Schoharie County Council on Alcoholism and Substance Abuse, Inc.: 59,000 dola

New York City

Department of Education, Archdiocese of New York (ADAPP): 69,300 dola

CAMBA, Inc.: 10,000 dola

Federation of Italian-American Organizations of Brooklyn, Ltd.: 45,000 dola

Hebrew Educational Society: 45,000 dola

National Committee for Furtherance of Jewish Education: 65,650 dola

Riseboro Community Partnership, Inc.: 19,822 dola

The Department of Education of the Diocese of Brooklyn (PDHP): 19,822 dola

Immigrant Social Services, Inc.: 42,596 dola

Lesbian and Gay Community Services Center Inc.: 20,000 dola

SCAN-NY Volunteer Parent-Aides Assoc. (SCAN Harbor, Inc.): 12,707 dola

Single Parent Resource Center: 48,749 dola

The Educational Alliance, Inc.: 28,074 dola

Elmcor Youth & Adult Activities, Inc.: 36,850 dola

Mental Health Providers of Western Queens, Inc.: 43,509 dola

CASA-Trinity Inc. (Trinity of Chemung County): 69,941 dola

North Country

Champlain Valley Family Center for Drug Treatment and Youth Services, Inc.: 60,526 dola

Substance Abuse Prevention Team of Essex County, Inc.: 32,712 dola

Citizen Advocates, Inc. d/b/a North Star Industries: 67,400 dola

Alcohol and Substance Abuse Council of Jefferson County, Inc. d/b/a Pivot: 34,897 dola

Mountain View Prevention Services, Inc.: 44,162 dola

Seaway Valley Council for Alcohol/Substance Abuse Prevention, Inc.: 69,894 dola

Southern Tier

Our Lady of Lourdes Memorial Hospital: 35,000 dola

United Activities Unlimited, Inc.: 70,000 dola

Catholic Charities of the Diocese of Rochester d/b/a Catholic Charities of Steuben County: 35,701 dola

Family Service Society, Inc.: 70,000 dola

Hornell Area Concern for Youth, Inc.: 3,500 dola

Alcohol and Drug Council of Tompkins County, Inc.: 14,310 dola

Western NY

Allegany Council on Alcoholism and Substance Abuse, Inc: 27,004 dola

Council on Addiction Recovery Services, Inc.: 69,054 dola

Chautauqua Alcoholism and Substance Abuse Council (CASAC): 70,000 dola

EPIC - Every Person Influences Children: 45,000 dola
Erie County Council for the Prevention of Alcohol and Substance Abuse, Inc.
(The Prevention Council of Erie County): 45,000 dola
Preventionfocus, Inc.: 10,679 dola
West Side Community Services: 25,994 dola
Western New York United Against Drug & Alcohol Abuse, Inc.: 21,825 dola
Northpointe Council, Inc.: 70,000 dola

Pandan plizyè ane ki pase yo, Eta New York te mete sou pye yon apwòch agresif ki gen plizyè branch pou rezoud epidepi dòz eksèsif la, epi li te kreye yon seri swen kontini kont adiksyon ak sèvis konplè nan prevansyon, tretman ak retablisman. Pou konbat epidemi sa a, eta a te travay pou agrandi aksè a sèvis tradisyonèl yo, ki genyen ladan yo pwogram sèvis kriz, pasyan ki entèn, pasyan ekstèn, ak pwogram tretman rezidansyèl, ansanm ak sèvis tretman alèd medikaman, ak tretman mobil ak sèvis transpò.

Gouvènè Hochul te yon manm Gwoup Travay sou Ewoyin ak Opyoyid nan Eta New York (NYS Heroin and Opioid Task Force) la ki, an 2016, te rekòmande nouvo sèvis ki pa tradisyonèl, ki genyen ladan yo sant retablisman yo, klèb lojman pou jèn yo, agrandi sèvis konpayon yo, ak sant aksè lib yo, k ap bay evalyasyon ak referans pou swen imedya. Depi lè sa, yo te etabli sèvis sa yo nan divès kominote ozalantou Eta a, epi yo te ede moun ki nan bezwen yo jwenn aksè nan swen ki pi pre kote y ap viv la.

Nouyòkè yo ki gen difikilte avèk yon adiksyon, oswa yon pwòch ki gen difikilte, ka jwenn èd ak lespwa lè yo rele liy telefòn gratis Eta a, HOPEline 24 èdtan, 7 jou pa semèn nan 1-877-8-HOPENY (1-877-846-7369) oswa lè ou voye tèks HOPENY (Kòd Kout 467369).

Tretman pou adiksyon ki disponib yo gen ladan swen pou kriz/dezentoksikasyon, swen malad ki entèn yo, swen rezidansyèl, oswa swen pou pasyan ekstèn, lè ou itilize Tablodò Disponibilite Tretman OASAS NYS la nan [FindAddictionTreatment.ny.gov](https://www.findaddictiontreatment.ny.gov) oswa atravè [sitwèb OASAS NYS la](https://www.oasas.ny.gov).

Si oumenm, oswa yon pwòch ou, te eksperimante obstak nan asirans ki gen rapò ak tretman oswa bezwen pou ede depoze yon apèl pou yon reklamasyon yo te refize, kontakte liy èd CHAMP an pa telefòn nan 888-614-5400 oswa pa imèl nan ombuds@oasas.ny.gov.

###

ANILE ENSKRIPSYON OU